



## **SAEMONE HOLLINGSWORTH, DIREKTÈ ANCHÈF AKADEMI BIWO AKADEMIK YO**

25 Jiyè 2023

POU: Tout Direktè yo

DEPI: Saemone Hollingsworth  
Direktè Anchèf Akademi

### **TÈM: REZILTA SOU SONDAJ BCPS COGNIA 2022-2023 YO**

Memo sa a rezime patisipasyon elèv yo, anplwaye yo ak paran yo nan sondaj Cognia pou fen ane a. Chak ane, Biwo Amelyorasyon Akademik la kowòdone sondaj BCPS la nan enterè paran, elèv, ak anplwaye yo pou reyini enfòmasyon sou fason lekòl la fonksyone, pèsepsyon sou amelyorasyon lekòl la, ak pèfòmans elèv yo. Sondaj Cognia a pa montre rezulta favorab pou lekòl prive yo. Elèv ki nan 3yèm-5yèm ane ak elèv ki nan 6yèm-12yèm ane yo, yo chak resevwa vèsyon sondaj pou elèv yo ak kesyon ki apwopye pou elèv pa yo. Kit se pwofesè kit se anplwaye ki pa fè pati pwofesè yo resevwa menm sondaj la. Paran yo resevwa pwòp vèsyon sondaj pa yo ak kesyon yo prevwa pou yo konnen pwennvi fanmi yo. Tout kandida yo ranpli sondaj yo nan enstriman pou Sondaj Cognia a.

Nan ane ki sot pase yo, yo te fè de sondaj: youn gen rapò ak kesyon sou satisfaksyon kliyan yo epi youn sou fonksyonnan lekòl la. Dapre komantè patisipan yo, yo te fè de sondaj sa yo tounen yon sèl sondaj pou ane akademik 2022-2023 a. Gen yon ekip ekspè nan BCPS ki nan depatman Envestigasyon, Evalyasyon ak Responsabilite, ak Aksyon, Divèsite, Nouvo konsepsyón sondaj la te vin posib grasa kolaborasyon ak lekòl la. Objektif sondaj ekip la te fè a se pou yo te kreye yon sondaj ki t ap pèmèt yo fè yon evalyasyon konplè. Ekip la te egzamine tout kesyon yo te soulve nan sondaj anvan yo epi li te prepare yon sondaj ki konbine pou chak gwoup patisipan. Ekip la te konn reyini detanzantan pandan de mwa pou ekri novo kesyon sondaj yo epi amelyore kesyon yo pou yo mete aksan sou presizyon ak enpòtans repons lan. Ekip la te ajoute opinyon gwoup patisipan yo nan tout pwoesis sa a epi yo adapte novo sondaj yo ak Sipò Plan Estratejik 2022-2027 la: Sekirite, Aksyon, Sipò Akademik la, Sipò pou Byennèt, ak Responsablite. Depatman Jesyon Inisyativ Estratejik la te verifye pwojè final chak sondaj pou l asire l kesyon yo te byen ajiste ak chak Sipo Plan Estratejik yo.

## TÈM: REZILTA SOU SONDAJ BCPS COGNIA 2022-2023 YO

PAJ: 2

Rezulta sondaj Cognia yo ede lekòl yo nan pwosesis planifikasyon pou amelyorasyon Akademik yo. Rezulta sondaj yo konekte Prensip Rekonesans Cognia yo ak Plan Amelyorasyon Akademik (SIP) anyèl pou chak lekòl lè yo pran an konsiderasyon rezulta sondaj yo nan plan an. Nan kad pou amelyore anviwònman an ak kalite sèvis yo, lekòl yo dwe ofri aktivite amelyorasyon akademik. Chak ane, Biwo Amelyorasyon Akademik la fòme lekòl yo nan pwosesis ki gen rapò ak sondaj ak fason pou yo fè rapò rezulta sondaj yo nan sitwèb Cognia. Apre yo fin ranpli pwosesis sondaj la, lekòl yo prezante rapò sondaj yo bay patisipan yo nan reyinyon Komite Konsèy Akademik yo a (SAC).


### Patisipasyon

Kantite repons elèv lekòl primè yo (klas 3yèm rive 5yèm ane) an 2022-2023 se te 29,026 sou yon posib 42,816. Kantite elèv elemantè nan ane 2022-2023 se te 58,468 sou yon posib 115,408. Kantite repons paran yo nan ane 2022-2023 se te 38,698 sou yon posib 145,791. Kantite repons anplwaye yo nan ane 2022-2023 se te 13,427 sou 17,444. (Gade Foto 1).

Pousantaj repons pou ane akademik 2022-2023 a se te 67.8 pousan pou elèv primè yo (klas 3-5), 50.7 pousan pou elèv elemantè yo (klas 6-12), 77.0 pousan pou anplwaye yo, epi 26.5 pousan pou paran yo.

### Foto 1

*Pousantaj Repons nan Sondaj Cognia pou Peryòd, 2022-2023 a*



## TÈM: REZILTA SOU SONDAJ BCPS COGNIA 2022-2023 YO

PAJ: 3

### Rezulta


Diran ane akademik 2022-2023 a, BCPS te fè sondaj Cognia a pou evalye enpresyon sistèm eskolè BCPS pamí elèv, pwofesè, anplwaye ki pa fè pati pwofesè, ak paran yo. Malgre chak gwoup moun ki te dwe reponn yo te resevwa kesyon diferan, yo te poze yo kesyon ki te gen yon gran varyete sijè, tankou sekirite, patisipasyon nan asiyasyon resous yo, aksè ak resous byennèt, responsablite nan ki nan kad lidèchip, èd ki disponib pou fanmi yo, ak aprantisaj elèv yo. Ane sa a, pou premye fwa, yo te ekri kesyon yo nan de fòma diferan. Yo te prepare yon seri kesyon antanke deklarasyon favorab kote patisipan yo te eksprime jis nan ki pwen yo dakò oswa yo pa dakò sou yon echèl 5 pwen. Lòt kesyon yo te konsantre sou tèm espesifik epi yo ofri patisipan yo plizyè repons pou yo chwazi. Ou ka jwenn tout tèks la nan chak deklarasyon sondaj ansanm ak repons distri yo pou 2022-2023 nan Apèndis A. Akòz nati kesyon chwa miltip yo ak pouvantaj repons pou chak chwa repons yo, yo pap analize sèvis nòt sa a. Ou pral jwenn tout detay yo nan Apèndis B.

### Deklarasyon Favorab

Grafik ki nan Foto 2 a montre pouvantaj akò oswa pouvantaj akò fèm chak gwoup, anrapò ak deklarasyon favorab ki fèt nan chak domèn.

### Foto 2

*Pouvantaj Mwayèn nan Akò Chak Domèn Pou Elèv Primè, Elèv Elementè, Paran ak Anplwaye 2022-2023 yo.*



\*Atansyon. Li pa t posib pou yo evalye patisipasyon nan sondaj Elementè a akòz tèm ki pa t evalye satisfaksiyon kliyan yo. Se poutèt sa, yo pa t ka estime oswa rapòte pouvantaj repons favorab yo.

## TÈM: REZILTA SOU SONDAJ BCPS COGNIA 2022-2023 YO

PAJ: 4

Satisfaksyon elèv primè yo ak anviwònman lekòl yo a te wo, ak majorite elèv ki dakò ak deklarasyon favorab yo te fè sou lekòl yo a an 2022-2023. Elèv primè yo te evalye *Patisipasyon<sup>1</sup>* ak *Sipò Akademik* lekòl yo a antanke pi wo pamì senk domèn yo, ak *Sekirite ak Responsabilite* menm jan an. Se deklarasyon ki vin apre a ki te resevwa pi gwo apwobasyon an: "Pwofesè m yo vle tout elèv yo fè pwogrè." Sèlman de deklarasyon ki te gen mwens pase 40 poustan akò, se te: "Mwen renmen manje manje yo prepare nan kafeterya a," nan yon poustantaj 33.4 akò, epi "Pwofesè m yo mande m kisa m panse sou lekòl la" ak 38.3 poustan dakò a. Elèv prime yo te resevwa pifò lòt deklarasyon favorab yo ak satisfaksyon.

Elèv lekòl mwayen ak elementè yo te reponn kesyon yon fason ki modere. Sepandan, an mwayèn, elèv yo te satisfè ak tèm ki gen rapò ak Sekirite yo. Pa egzanp, 64.7 poustan elèv lekòl elementè ak segondè yo te dakò ak deklarasyon an, "Mwen santi m an sekirite pou m ale lekòl epi soti lekòl." Te gen twa deklarasyon ke elèv lekòl elementè ak segondè yo te gen mwens chans pou yo te dakò ak yo se: "Lekòl mwen an pwòp epi yo byen pran swen li" ak 25.3 poustan akò, "Nan lekòl mwen an, elèv yo gen respè youn pou lòt," ak 25.1 poustan akò, ak "Mwen renmen manje a yo prepare nan kafeterya a" ak akò 17.2 poustan.

Ansèyman ak anplwaye ki pa fè pati ansèyman yo eksprime nivo satisfaksyon byen wo nan tout senk domèn yo. Anplwaye BCPS yo te resevwa pi gwo nòt *Patisipasyon<sup>1</sup>* ak *Sipò Akademik* parapò ak lòt domèn. Nan ane 2023 a, anplwaye yo te gen plis chans dakò ak deklarasyon an, "Si elèv yo gen yon pwoblèm, yo ka vin kote m pou yo jwenn èd" ak 94.4 poustan nan anplwaye yo ki dakò oswa fòtman dakò ak deklarasyon sa a. Youn nan tèm ki gen akò ki pi ba a se te, "Mwen planifye konferans yo pou m ka montre fanmi elèv yo pwogrè aprantisaj yo," sèlman 25.0 poustan nan anplwaye yo reponn yon fason ki favorab ak deklarasyon an.

Pifò paran yo te dakò ak deklarasyon favorab yo te fè sou anviwònman lekòl pitit yo a. Paran yo te gen plis chans dakò ak deklarasyon an nan kategori *Anviwònman Pwoteksyon ak Sipò a:* "Anplwaye ki nan biwo yo reponn apèl telefòn yo nan lekòl la avèk politès ak respè." Deklarasyon ki te resevwa mwen akò a se te: "Lekòl nou an gen yon sant resous pou fanmi ak/oswa yon manm anplwaye ki deziyen pou travay ak fanmi yo," 45.2 poustan nan paran yo dakò oswa byen dakò ak opinion sa a.

---

<sup>1</sup> Yo te evalye domèn Ekite chak sondaj lè yo te sèvi avèk yon sèl deklarasyon favorab. Yo te sèvi ak kesyon miltip pou evalye lòt domèn yo.

## TÈM: REZILTA SOU SONDAJ BCPS COGNIA 2022-2023 YO

PAJ: 5

### Rezime

Rezulta sondaj sa yo montre ke an jeneral, satisfaksyon ak sistèm Lekòl Piblik ki nan Distri Broward la wo anpil pou elèv yo, anplwaye yo ak paran yo. Yo konsidere tèm ki gen rapò ak sipò akademik antanke eleman esansyèl pou elèv lekòl prime yo. Repons anplwaye yo te montre wo nivo satisfaksyon yo nan tout domèn nan sipò akademik ki pi wo a. Repons paran yo te montre tou wo nivo satisfaksyon yo nan tout domèn ak sipò lekòl la ak responsabilite yo se kategori ki pi wo. Rezulta sondaj Cognia 2022-2023 yo trè ankourajan epi y ap bay yon pi gwo apèsi sou fason distri a ka pi byen satisfè bezwen elèv yo, fanmi yo ak anplwaye yo.

Pou kèlkeswa kesyon an, **tanpri pran kontak ak Richard Baum, Direktè, Envestigasyon, Évalyasyon ak Responsabilite nan 754-321-2500**

JF/DA/AS/VSW/NMM/RB/KB/SS

CC: Manm Komite Lekòl yo  
Ekip Jesyon Siperyè  
Direktè, Akonplisman Akademik ak Responsabilite